Department of Finance

AVI SOU VALÈ PWOPRIYETE

Ane Fiskal 2026-27

(Sa pa yon bòdwo.)

15 Janvye 2026

Pwopriyetè (yo)

Adrès Pwopriyete

Awondisman: __ **Blòk**: ___ **Pasèl**: __

Kategori Taks: __ **Kategori Bilding**: __ **Inite**: __

APÈSI SOU AVI SOU VALÈ PWOPRIYETE (NOPV)

Valè Mache 2026-27: $_____

Valè Evalye 2026-27: $_____

Egzanpsyon taks pwopriyete ou yo: _____

Gade anba a pou yon estimasyon taks pwopriyete 2026-27 ou a.

KISA AVI SA YE?

Sa a se avi anyèl ou sou valè pwopriyete a, oubyen NOPV. **Se pa yon bòdwo, epi ou pa bezwen peye anyen**. Avi sa a pral:

- Enfòme w sou valè evalye pwopriyete w la pou ane fiskal 2026-27, epi di w kijan pou w konteste l si w kwè gen yon erè.
- Esplike kòman y ap kalkile taks sou pwopriyete yo
- Bay yon estimasyon sou taks sou pwopriyete ou pou ane fiskal 2026-27.

Tanpri kenbe yon kopi avi sa a nan dosye ou. Ou kapab wè bòdwo NOPV ak taks pwopriyete ou yo sou entènèt tou nan www.nyc.gov/nopv.

TAKS SOU PWOPRIYETE ESTIME POU 2026-27

Nou pa ka kalkile taks sou pwopriyete 2026-27 ou a jiskaske konsèy minisipal la etabli nouvo to taks la. Jiskaske lè sa a, w ap peye to 2025-26. Anpil faktè enfliyanse montan taks ou a, tankou nenpòt egzanpsyon ak rediksyon ou ka resevwa.

Tablo anba a estime a montan ou pral dwe nan miltipliye valè taksab pa to taks aktyèl _____%. Tablo sa a se pou rezon enfòmasyon sèlman; montan reyèl ou dwe a ka varye, sa depann de to taks 2026-27 la ak valè egzanpsyon ak rediksyon ou yo.

Ane	Valè Taksab la		To Taks		Taks sou Pwopriyete
2026-27	$_____	x	._____	=	$_____

DAT KLE YO

2 Mas 2026
Dènye jou pou mete an kesyon valè evalye ou an. (Pwopriyete Kategori 2 ak 4.)

16 Mas 2026
Dènye jou pou revizyon demann valè mache ou. (Pwopriyete kategori 1 ak 2.)

Dènye jou pou aplike pou yon egzansyon taks.

1ye Avril 2026
Dènye jou pou revizyon demann valè mache ou. (Pwopriyete kategori 4.)

1ye Jiyè 2026
Ane fiskal la kòmanse

Pou aprann plis, vizite www.nyc.gov/nopv

KIJAN YO KALKILE TAKS SOU PWOPRIYETE OU YO

Yo detèmine taks sou pwopriyete yo nan sèvi avèk yon fòmil konplèks ki pran an kont plizyè montan diferan ak kalkil. Vizite www.nyc.gov/nopv pou plis enfòmasyon sou evalyasyon pwopriyete ak taksasyon.

KISA POU FÈ SI OU PA DAKÒ AVÈK VALÈ SA YO

Remèt An Kesyon Valè Machann Ou an avèk Department of Finance	**Remèt An Kesyon Valè Evalye Ou** avèk New York City Tax Commission
Si ou kwè Department of Finance lan te fè yon erè nan detèmine valè mache ou a, ou ka soumèt yon fòmilè "Request for Review". Fòmilè a disponib nan www.nyc.gov/nopv, oubyen nan rele 311. Anpil pwopriyetè kay ap konsidere mande pou yo revize valè mache yo a nan espwa pou yo diminye taks sou pwopriyete yo. Sepandan, taks pwopriyete w la p ap desann sof si ou ka pwouve ke valè sou mache a ta dwe pi ba pase valè efektif sou mache a. **Dat limit pou ranpli:** Pwopriyete kategori taks 1 ak 2: 16 Mas 2026 Pwopriyete kategori taks 4: 1ye Avril 2026	Ou gen dwa konteste valè evalye w la ak New York City Tax Commission, yon ajans endepandan ki apa de Department of Finance. Tax Commission la gen otorite pou diminye valè evalye pwopriyete w la, chanje klas taks li, epi ajiste egzanpsyon taks ou yo. Tax Commission la pa ka chanje valè sou mache a, deskripsyon pwopriyete w la, oswa kategori bilding lan. Ou dwe resevwa aplikasyon w lan anvan dat limit pou depoze dosye a. Pou aksede a fòmilè apèl sou New York City Tax Commission, konsilte www.nyc.gov/taxcommission. Ou kapab vizite tou yon sant biznis Department of Finance (lokal ki nan www.nyc.gov/nopv). Pou plis enfòmasyon, rele 311. **Dat limit pou ranpli:** Pwopriyete nan kategori taks en: 16 Mas 2026 Tout lòt pwopriyete yo: 2 Mas 2026

TANPRI REVIZE: DETAY SOU PWOPRIYETE OU YO

Department of Finance lan gen enfòmasyon sa yo anrejistre pou pwopriyete w la. Tanpri revize enfòmasyon sa yo epi fè nou konnen nenpòt erè lè w ranpli yon fòm "Request for Update", ki disponib nan www.nyc.gov/nopv oubyen lè ou rele 311.

Pwopriyetè (yo): _____ **Kategori Bilding:** _____

Zonaj Primè	_____	**Fasad Teren an**	_____	**Pwofondè Teren an**	_____
Sipèfisi Teren an	_____	**Fòm Teren an**	_____	**Tip Teren an**	_____
Pwoksimite	_____	**Fasad Bilding lan**	_____	**Pwofondè Bilding lan**	_____
Kantite Bilding	_____	**Estil**	_____	**Ane Konstriksyon**	_____
Kondisyon pa Deyò	_____	**Sipèfisi ki Fini**	_____	**Sipèfisi ki Poko Fini**	_____
Inite Komèsyal	_____	**Sipèfisi Komèsyal**	_____	**Inite Rezidansyèl**	_____
Tip Garaj	_____	**Sipèfisi Garaj**	_____	**Nivo Sou-sòl**	_____
Sipèfisi Sou-sòl	_____	**Tip Sou-sòl**	_____	**Tip Konstriksyon**	_____
Mi pa Deyò	_____	**Kantite Etaj**	_____		

SA KI CHANJE: KONPAREZON ANE FISKAL 2025-26 AK 2026-27

	Ane Aktyèl (2025-26)	Ane Pwochèn (2026-27)	Chanje
Valè Mache	$_____	$_____	+/- $_____
Pousantaj Evalyasyon an	___%	___%	- -
Valè Evalye a	$_____	$_____	+/- $_____
Valè Mache Efikas	- -	$_____	- -
Valè Egzansyon	$_____	$_____	+/- $_____
Valè Taksab la	$_____	$_____	+/- $_____

EGZANPSYON TAKS POU PWOPRIYETÈ KAY YO

Vil Nouyòk ofri rediksyon taks ke yo rekonèt kòm egzanpsyon pou granmoun aje, veteran, manm klèje, moun ki andikape ak lòt moun. Anplis de rediksyon taks ou yo, plizyè egzanpsyon kapab anpeche ou patisipe nan vant privilèj la. Gade fèy ki andedan an pou plis enfòmasyon sou vant privilèj la.

Dat limit pou aplike pou egzanpsyon pwopriyetè kay yo se 16 mas 2026. Pou plis enfòmasyon, konsilte www.nyc.gov/nopv oubyen rele 311.

Eta Nouyòk ofri yon benefis STAR ki kouvri plizyè pwopriyetè kay ak yon benefis STAR amelyore pou granmoun aje yo. Si ou te aplike nan eta a pou kredi STAR oswa Enhanced STAR apre 15 mas 2015, kredi a p ap parèt sou avi sa a. Vizite www.tax.ny.gov/star pou plis enfòmasyon.

REDIKASYON TAKS POU KOWOPERATIV/KO-PWOPRIYETE YO

Pwopriyetè inite koperativ ak ko-pwopriyete yo ka resevwa yon rabè ki pral ede yo ekonomize lajan sou taks pwopriyete yo.

Inite a (yo) dwe nan yon bilding ki kalifye epi yo dwe rezidans prensipal pwopriyetè a.

Plis enfòmasyon sou rabè a—ki gen ladan l aplikasyon an, egzijans verifikasyon rezidans prensipal la, ak pwosesis renouvèlman an—disponib nan www.nyc.gov/nopv.

Si ou gen kesyon oswa ou bezwen plis enfòmasyon, kontakte Depatman Finans nan www.nyc.gov/contactcoopabat, oubyen rele 311.

KÒMAN POU JWENN ÈD

KONTAKTE DEPARTMENT OF FINANCE

Si ou gen kesyon sou nenpòt enfòmasyon ki nan avi sa a, kontakte New York City Department of Finance:

Sou Entènèt: www.nyc.gov/nopv

Telefòn: Konpoze 311. (Deyò NYC oubyen sèvis relè, rele 212-639-9675.)

Lapòs: NYC Department of Finance
Correspondence Unit
1 Centre St, 22nd Fl
New York, NY 10007

EVÈNMAN SANSIBILIZASYON DEPARTMENT OF FINANCE

Jwenn èd ak avi valè pwopriyete w la. Pou plis enfòmasyon sou evènman yo, ki gen ladan yo kòman pou enskri ak resevwa mizajou yo, vizite www.nyc.gov/nopv oubyen rele 311. Pote NOPV ou an nan evènman.

Tout evènman yo ap kòmanse a 5:00 p.m. epi ap fini a 8:00 p.m.	
3 Fevriye Bronx	Bronx Business Center 3030 Third Avenue
5 Fevriye Brooklyn	Brooklyn Borough Hall 209 Joralemon Street
17 Fevriye Manhattan	Manhattan Business Center 66 John Street
19 Fevriye Queens	Queens Borough Hall 120-55 Queens Boulevard
24 Fevriye Staten Island	Staten Island JCC 1466 Manor Road

BIWO DEFANSÈ KONTRIBYAB LA

Si ou te fè yon efò rezonab pou rezoud yon pwoblèm taks ak Department of Finance men ou santi ou pa resevwa yon repons satisfezan, Office of the Tax-payer Advocate ka ede w. Pou jwenn asistans, vizite www.nyc.gov/taxpayeradvocate epi ranpli fòmilè DOF-911 lan, “Request for Help from the Office of the Tax-payer Advocate.”

Rele: Konpoze 311. (Deyò NYC oubyen sèvis relè, rele 212-639-9675.)
Lapòs: NYC Office of the Taxpayer Advocate, 375 Pearl Street, 26th Floor, New York, NY 10038

Si akoz yon andikap ou bezwen yon aranjman pou ou ka aplike epi resevwa yon sèvis oswa patisipe nan yon pwogram Department of Finance ofri, tanpri kontakte Fasilitatè Sèvis pou Andikap la nan www.nyc.gov/contactdofeeo oubyen rele 311.